

Vaksen kont

Tetanòs, Difteri ak Koklich (Tdap)

Sa ou dwe konnen

1 Pou kisa mwen dwe pran vaksen?

Vaksen kont Tetanòs, Difteri, Koklich (Tdap) kapab pwoteje adolezan ak adilt kont twa maladi grav.

Se bakteri ki lakòz Tetanòs, Difteri ak Koklich. Difteri ak Koklich gaye de yon moun a yon lòt. Tetanòs antre nan kò moun atravè blesi, gratiyen, oswa maleng.

Tetanòs (Lockjaw – Machwè rèd) lakòz kontraksyon misk nan kò yon moun fè li santi doulè, anjeneral nan tout pati kò li.

- Li **kapab lakòz** machè viktim lan "bloke", e fè li pa kapabouvri bouch li oswa vale. Tetanòs lakòz lanmò nan apeprè 2 ka sou 10.

Difteri lakòz yon mas epè fòmè padèyè gòj yon moun.

- Li **kapab lakòz** pwoblèm respirasyon, paralizi, ensifizans kadyak, epi menm lanmò.

Koklich lakòz anpil aksè tous, vomisman, ak somèy twouble.

- Li **kapab fè** yon moun pèdi pwa, pise touttan, fraktire zo kòt li ak endispoze lè tous la fò sou li, fè nemoni, epi entène lopital akòz konplikasyon.

An 2004, te gen plis pase 25 000 ka koklich Ozetazini. Adolezan te reprezante plis pase 8 000 ka, epi adilt plis pase 7 000 ka. Apeprè 2 sou 100 adolezan ak 5 sou 100 adilt ki gen koklich entène lopital oswa fè konplikasyon.

2 Tdap ak vaksen asosye

Vaksen pou adolezan ak adilt

- Yo apwouve Tdap an 2005. Se premye vaksen pou adolezan ak adilt ki pwoteje yo kont touletwa maladi yo.
- Yo itilize vaksen Td (kont Tetanòs ak Difteri) pandan plizyè ane kòm dòz rapèl pou adolezan ak adilt yo. Pa genyen ladan li vaksen kont Koklich.

Vaksen pou timoun ki poko gen laj 7 lane

- Yo bay timoun vaksen DTaP pou pwoteje yo kont twa maladi sa yo. Iminite a kapab diminye apre yon sèten tan, epi adolezan ak adilt yo dwe pran dòz "rapèl" peryodik yo pou iminite yo ka ekselan. (DTP se yon ansyen vèsyon DTaP. Yo pa itilize li ankò Ozetazini.)
- DT enki vaksen kont Difteri ak Tetanòs. Yo itilize li pou timoun ki poko gen laj 7 lane, epi ki pa dwe pran vaksen kont Koklich.

3 Kimoun ki dwe pran vaksen Tdap, epi kilè?

Adolezan ki gen laj 11 lane jiska 18 lane dwe pran yon dòz rapèl Tdap.

Tdap Vaccine - Haitian Creole 7/12/06

- Yo rekòmande yon dòz Tdap pou **adolesan ki te pran DTaP oswa DTP lè yo te timoun**, men ki poko pran yon dòz Td. Li pi bon pou yo pran vaksen sa lè yo gen laj 11-12 lane.
- Li **konseye pou adolezan ki deja pran yon dòz rapèl Td** pran yon dòz Tdap tou, pou pwoteje yo kont Koklich. Li konseye pou yo tann omwen 5 lane ant lè yo pran Td ak lè pou yo pran Tdap, men se pa obligatwa.
- **Adolezan ki pa te pran tout dòz DTaP oswa DTP** yo te sipoze pran lè yo te timoun dwe fin pran rès seri a atravè yon melanj Td ak Tdap.

Adilt laj 19 lane jiska laj 64 lane dwe ranplase Tdap pa yon dòz rapèl Td. Yo dwe itilize Td pou dòz rapèl annapre yo.

- Adilt ki konnen yo pral gen kontak depre avèk yon tibebe ki poko gen 12 mwaa dwe pran yon dòz Tdap. N ap ankouraje yo tann omwen 2 lane apre yo fin pran dènye dòz la pou yo pran li, men se pa obligatwa.
- **Moun k ap travay nan domèn swen lasante ki gen kontak dirèk avèk pasyan nan lopital oswa nan klinik** yo dwe pran yon dòz Tdap. N ap sijere pou yo kite pase 2 lane apre yo fin pran dènye dòz Td a pou yo pran li, men se pa obligatwa.

Yon adolezan oswa adilt ki blese oswa ki briye grav kapab bezwen pwoteje l kont enfeksyon tetanòs. Yo ka itilize Tdap si moun lan pa te pran yon premye dòz.

Yo dwe itilize Td ak plis Tdap si pa genyen Tdap, epi pou:

- Tout moun ki deja pran Tdap,
- Adilt ki gen laj 65 lane e ki pi gran moun,
- Timoun ki gen laj 7 lane jiska laj 9 lane.

Anjeneral, li pi bon pou bay yon fanm Td pase Tdap si li nesèsè pou li pran vaksen pandan gwosès li. Nourvo manman ki pa te janm pran yon dòz Tdap dwe pran yon dòz imedyatman lè li fin akouche.

Ou kapab pran Tdap anmenmtan ak lòt vaksen.

4 Kèk moun pa dwe pran vaksen Tdap, oswa yo dwe tann yon bout tan anvan yo pran li.

- Tout moun ki fè yon **realèj ki mamke touye li** lè li fin pran yon dòz vaksen DTP, DTaP, DT, oswa Td pa pa dwe pran Tdap.
- Tout moun ki fè yon **alèj grav a nenpòt engredyan vaksen** an pa dwe pran Tdap. Enfòmè founisè swen lasante ou a si moun ki pran vaksen an si ou rann ou kont moun lan fè nenpòt alèj grav.
- Pale avèk doktè ou a si moun ki pran vaksen an fè yon **alèj grav** lè li sèvi avèk latèks. Yo pa dwe bay moun ki fè alèj a latèks sèten vaksen Tdap.
- Tout moun ki tonbe nan **koma** oswa ki fè yon **kriz malkadi ki dire lontan** sou 7 jou apre li pran yon dòz DTP oswa DTaP pa dwe pran Tdap, sòsi yo detèmine yon kòz diferan olyede vaksen li te pran an.

- Fè doktè ou konnen si moun ki pran vaksen an :
 - Genyen epilepsi oswa yon lòt pwoblèm nan sistèm nève li,
 - Te anfle seryezman oswa gen doule grav lè li te fin pran yon premye dòz tout vaksen ki gen ladan l viris dezaktive kont Tetanòs, Difteri oswa Koklich,
 - Te genyen Sendwòm Guillain Barré *Guillain-Barré Syndrome* (GBS).

Tout moun ki gen yon maladi pa twò grav oswa grav jou li dwe pran vaksen an dwe anjeneral tann jiskaskè li geri anvan li pran vaksen an. Anjeneral, moun ki genyen yon ti malèz oswa yon ti lafyèy kapab pran vaksen an.

5 Kisa moun riske lè yo pran vaksen Tdap?

Yon vaksen, tankou tout medikaman, kapab pètèt lakòz pwoblèm grav, tankou alèji grav. Men, li pa fasil pou yon vaksen riske lakòz pwoblèm grav, oswa lanmò.

Si gen reyaksyon ra ki rive avèk nenpòt nouvo pwodui, yo kapab pa idantifye yo jiskaskè plizyè milye, oswa menm plizyè milyon moun itilize pwodui a. Menm jan yo fè pou tout vaksen, y ap kontinye kontwòl jan vaksen kont HPV ap aji pou detekte pwoblèm grav oswa pwoblèm anòmal.

Yo te fè rechèch klinik (tès anvan yo apwouve vaksen an) sou apeprè 4 200 adolesan ak apeprè 1 800 adilt. Yo rive detèmine pwoblèm sila yo nan rechèch la. Pwoblèm sa yo se menm avèk sa yo te rapòte lè moun te fin pran vaksen Td a.

Ti pwoblèm

(Yo vizib, men yo pa anpeche moun fè aktivite l yo)

- Doule (apeprè 3 adolesan sou 4 epi 2 adilt sou 3)
- Po moun yo vin wouj oswa anfle (apeprè 1 sou 5)
- Ti lafyèy omwen 100,4 degre Farenayt (apeprè 1 adolesan sou 25 epi 1 adilt sou 100)
- Maltèt (apeprè 4 adolesan sou 10, epi 3 adilt sou 10)
- Fatig (apeprè 1 adolesan sou 3, epi 1 adilt sou 4)
- Anvi vomi, vomisman, dyare, lestomak-fèmal (apeprè 1 adolesan sou 4 epi 1 adilt sou 10)
- Pami lòt ti pwoblèm yo rapòte, yo ka enkid frison, kò-fèmal, doule nan jwenti, gratèl, ak glann.

Pwoblèm pa twò grav

(Ki anpeche moun fè kèk aktivite, men ki pa mande swen medikal)

- Doule kote yo pike w la (apeprè 1 adolesan sou 20 epi 1 adilt sou 100)
- Po moun lan vin wouj oswa anfle (apeprè 1 adolesan sou 16, epi 1 adilt sou 25)
- Lafyèy ki depase 102 degre Farenayt (apeprè 1 adolesan sou 100 epi 1 adilt sou 250)
- Anvi vomi, vomisman, dyare, lestomak-fèmal (apeprè 3 adolesan sou 100 epi 1 adilt sou 100)
- Maltèt (1 sou 300)

Pwoblèm grav

(Moun lan pa anmezi fè aktivite nòmal; swen doktè nesèsè)

- Yo pa wè pwoblèm sa yo ka okenn adolesan.
- Nan rechèch klinik ki fèt sou adilt, de (2) adilt te gen pwoblèm onivo sistèm nève yo lè yo fin pran vaksen an. Vaksen an ka oswa ka pa kapab lakòz pwoblèm sa yo. Pwoblèm yo disparèt poukont pa yo, epi yo pa te lakòz okenn pwoblèm pèmanan.
- Yon reyaksyon alèjik grav ka rive apre yon moun fin pran nenpòt vaksen. Yo prewva reyaksyon sa yo ka rive mwens pase yon fwa pou yon milyon dòz.

Gen plis posibilite pou moun ki trape maladi sa yo soufri konplikasyon grav pase moun ki pran vaksen Tdap.

6 E si yon moun fè yon reyaksyon grav?

Kisa mwen dwe chèche detèmine?

- Tout kondisyon li pa abitye genyen, tankou yon gwo lafyèy oswa chanjman nan konpòtman li. Sa ki ka endike gen yon reyaksyon alèjik grav se : pwoblèm respirasyon, vwa anwe oswa souf anlè, itikè, figi moun lan ka parèt blenn, feblès, batman kè rapid oswa vètij.

Kisa mwen dwe fè?

- **Telefonè** yon doktè, oswa mennen moun lan wè yon doktè touswit.
- **Rakontè** doktè ou a sa ki pase, dat ak lè sa pase, epi kilè yo te bay moun lan vaksen an.
- **Mandè** doktè ou, enfimyè ou, oswa depatman sante ou pou rapòte reyaksyon an. Pou fè sa yo dwe ranpli yon fòmilè Rapò efè segondè vaksen Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS).

Oswa ou kapab ranpli fòmilè rapò sa a sou sit wèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele nan nimewo 1-800-822-7967.

VAERS pa la pou bay konsèy medikal.

7 Pwogram nasyonal pou dedomaje moun ki gen pwoblèm lè yo pran vaksen an

Sizoka oumenm oswa pitit ou a ta gen yon reyaksyon grav apre yon vaksen, gen yon pwogram federal yo kreye pou ede peye pou swen moun ki gen kalite pwoblèm sa a.

Pou jwenn detay sou Pwogram nasyonal pou dedomaje moun ki gen pwoblèm apre yo pran vaksen an, telefòn nan nimewo 1-800-338-2382 oswa ale sou sit wèb yo a nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation.

8 Kouman mwen kapab jwenn lòt enfòmasyon?

- Mandè doktè ki te bay ou vaksen an. Li kapab montre w *prospectus* ki anndan bwat vaksen an, oswa li kapab sigjere w lòt kote pou w jwenn enfòmasyon.
- Telefòn Depatman lasante pou zòn ou abite a, oswa Eta kote w ap viv la.
- Kontakte Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi Centers for Disease Control and Prevention (CDC) :
 - Telefòn nan nimewo 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)
 - Ale sou sit wèb CDC pou Pwogram Vaksinasyon an nan www.cdc.gov/nip



MINISTÈ SANTE AK SÈVIS IMEN

SANT POU KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI

SANT NASYONAL POU VAKSINASYON AK MALADI RESPIRATWA

Entèpretasyon enfòmasyon sou vaksen an *Vaccine Information Statement* (Interim)

Vaksen Tdap (12 jiyè 2006) Tdap Vaccine - Haitian Creole 7/12/06 U.S.C. 42 §300aa-26

Translation provided by NYC Dept. of Education and NYC Dept. of Health and Mental Hygiene.